



KEMENTERIAN AGAMA REPUBLIK INDONESIA
ASESMEN MADRASAH
MADRASAH TSANAWIYAH MANBAUL HUDA
TAHUN PELAJARAN 2023/2024



LEMBAR SOAL

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda
Hari dan Tanggal :
Waktu :

Petunjuk Umum :

1. Perhatikan dan ikuti petunjuk pengisian Lembar Jawaban yang disediakan;
2. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum Anda menjawab;
3. Laporkan kepada pengawas kalau terdapat tulisan yang kurang jelas, rusak, atau jumlah soal kurang;
4. Dahulukan mengerjakan soal-soal yang Anda anggap mudah;
5. Pilihlah salah satu jawaban yang benar dengan menghitamkan bulatan jawaban;
6. Apabila Anda ingin memperbaiki/mengganti jawaban, bersihkan jawaban semula dengan penghapus sampai bersih, kemudian hitamkan bulatan jawaban yang menurut Anda benar;
7. Periksa seluruh jawaban Anda sebelum diserahkan kepada pengawas.

I. PILIHAN GANDA

PETUNJUK KHUSUS:

Untuk soal nomor 1 sampai dengan 30, pilihlah jawaban nu tepat jeung bener hitamkeun bulatan (●) pada huruf A, B, C atau D pada lembar jawaban!

1. Nu dimaksud paguneman teh nya eta ...?
 - a. Kalemesan budi jeung kamanusaan
 - b. Basa pikeun ngabedakeun kaayaan
 - c. Nyarita silih tempas
 - d. Alat komunikasi

Baca conto teks paguneman dihandap pikeun migawe soal no 2 & 3!

Paguneman Sajak Ngajak ka Perpustakaan

Ririn : "Nis, urang ka kantin yu!"

Anisa : "Keur teu gaduh artos, rin bade ka perpustakaan wae."

Ririn : "Wios,nisa nuju teu kagungan artos mah, engke abdi nu mayar."

Anisa : "Hatur nuhun,tapi abdi gaduh hanca maos novel di perpustakaan."

Ririn : "Nisa nuju maos novel naon, katingalna anteng di perpustakaan."

Anisa : "Novel sunda Rin,rame tur pikaresepeun."

Ririn : "Ahh, abdi ge bade ngiringan ka nisa wae, ka perpustakaan."

2. Dina paguneman diluhur, naha anisa embung diajak ka kantin ku ririn?
 - a. Sabab anisa teu resep kana sipat ririn
 - b. Sabab anisa duitna rek dipake nabung
 - c. Sabab anisa teu boga duit, terus rek niat maca buku di perpustakaan
 - d. Sabab Anisa rek ngapalkeun keur ulangan
3. Kumaha sikap Ririn basa anisa nolak pangajakna?
 - a. Ririn tetep maksa ka kantin
 - b. Ririn oge ahirna milu ka anisa maca di perpustakaan
 - c. Ririn jeung batur nu sejenna teu milu ka anisa
 - d. Ririn ngambek
4. Wangun puisi buhun anu eusina nyoko kana ajaran agama islam asalna tina sa'ir sastra arab disebut ..
 - a. Pupujian
 - b. Wawacan
 - c. Kaulinan barudak
 - d. Guguritan
5. Di handap kaasup ciri-ciri pupujian, iwal ...
 - a. Umumna diwangun ku opat padalisan dina sapidana
 - b. Unggal padalisan diwangun ku dalapan engang

- c. Purwakanti anu aya dina pupujian
- d. Umumna purwakanti laras wekas
6. Fungsi sosial pupujian leuwih nandeskeun masalah ...
 - a. Estetika
 - b. Politik
 - c. Atikan/pendidikan
 - d. ekonomi
7. Jenis periklanan nu dilakukeun ku organisasi komersial mana wae non komersial (pemerintah) pikeun ngahontal tujuan sosial atawa sosio-ekonomis (utamana pikeun ningkatkeun kasejahteraan masarakat) disebut
 - a. Iklan komersial
 - b. Iklan Taktis
 - c. Iklan Strategis
 - d. Iklan Layanan Masyarakat
8. Titenan Iklan di handap!



Iklan digigir mangrupa iklan layanan masarakat dina widang..?

- a. Kesehatan
- b. Atikan/pendidikan
- c. Hemat energi
- d. Narkoba

Perhatikeun contoh sajak dihandap, pikeun ngajawab soal nomor 9 & 10!

Panon bereum siki saga
 Lengeuna seukeut lalancip gobang
 Niplasan badan palapah gedang
 Arkidam, janten arkidam
 Di pangaduan di kalangan ronggeng
 Ngan hiji jagoan
 Arkidam, janten arkidam
 Ti peuting angkeub ku mendung
 Jante raja *alam peteng*
 Matek aji panarawangan
 Manjing ka liang sasoroting sinar
 Jaruji beusi pakgede miley ku ramona

9. Judul jeung pangarang sajak di luhur teh nya eta
 - a. Bendera hideung satengah tihang karangan surachman RM
 - b. Tukeuran ieu sajak karangan Yus Rusyana
 - c. Lalaki di tegal pati karangan sayudi
 - d. Jante arkidam karangan ajid rosidi
10. Maksud alam peteng dina sajak luhur nya eta ...
 - a. Dunya malam
 - b. Dunia hitam
 - c. Dunia gelap
 - d. Harta dunya
11. Pangarang ngagambarkeun sikap anu daria ka anakna sangkan ulah nganggep enteng kahirupan. Pangarang oge mepelingan sangkan ulah hariwang oge dina nyangharepan kahirupan. Mangrupa bagian... tina kawih
 - a. Rasa
 - b. Nada
 - c. Amanat
 - d. Tema

12. Pilih salah sahiji tarjamahan nu bener!

Perhatiken conto dihandap

Mapay jalan satapak
 Ngajugjug ka hiji lembur
 Henteu karasa capena
 Sabab aya nu diteang

- a. Menelusuri jalan setapak

- Mendatangi suatu desa
Tidak terasa lelahnya
Karena ada yang dicari
- b. Hujan angin petir menyambar
Tidak ada untuk berteduh
Walaupun badan basah kuyup
Tak peduli sama sekali
- c. Menelusui jalan besar
Mendatangi suatu kota
Tidak terasa cape
Karena ada tujuan
- d. Yang penting bisa sampai
Ke tempat yang dituju
Akan menjenguk mawar putih
Yang tidak lamalagi akan dimiliki

13. Perhatikeun conto sisindiran dihandap ieu!

Rincik-rincik hujan leutik
Paralak hujan tambaga
Nilik-nilik mojang leutik
Teu terang aya nu boga

Bagean cangkang dina eta sisindiran nyaeta baris ka ...?

- a. 1 jeung 2
b. 2 jeung 3
c. 3 jeung 4
d. 1 jeung 4

14. Ramanten buah ramanten

Ramanten di parapatan

.....
.....

Kalimah nu merenah keur ngalengkepan eta sisindiran nya eta ...?

- a. Hapunten abdi hapunten
Bilih teu aya kalepatan
- b. Hapunten abdi hapunten
Bilih aya kalepatan
- c. Hampura abdi hampura
Bisi aya kasalahan
- d. Itu purun ieu daek
Sarua bogoheun nana

Perhatikeun artikel dihandap ieu pikeun migawe soal nomer 15!

TEMPO.com anyar-anyar ieu ngaliris Festival Sunda-cirebonan nu dilaksanakeun ku pamarintah kabupaten purwakarta,jawa barat,dina raraga haru jadina. Mangrupa gabungan tradisi dua daerah nu beda tina widang budaya. “katingali salian ti endah,megah,tur harmonis, “ceuk bapak bupati purwakarta dedi mulyadi di sela-sela pintonan festival dina peutingan kamari.

15. Naon poko pikiran dina eta pada/paragraf di luhur teh?

- a. Festival Sunda-cirebonan dina raraga hari jadi kab. Purwakarta
b. Tradisi dua daerah nu beda-beda dina budaya
c. Festival peuting kamari
d. Katingalina endah,megah tur harmonis

16. Salah sahaji hal-hal anu diperhatikeun dina biantara nyaeta, iwal ...

- a. lentong jeung wirahmana merenah
b. Kudu nyunda
c. Henteu teugeug atawa dialeu-aleu teuing,teu gancang teuing jeung henteu acad teuing
d. Mere hiji pemahaman atawa informasi kabatur.

17. Unsur-unsur mun urang rek nepikeun biantara nyaeta, iwal ...

- a. Tema
b. Sikap ngagaya
c. Bahan/materi pembicaraan
d. Objek atawa pendengar

18. Bacakeun biantara dihandap!

“Alhamdulillah puji sukur urang sanggakeun ka gusti nu maha suci anu parantos masihan sadaya karunia nyaeta mangrupi kesehatan jasmani sareng rohani. Oge mangpirang pirang kani'matan, utamana kani'matan iman sareng kanikmatan islam, Solawat sareng salam urang sanggakeun ka jungjungan Nabi urang sadaya nyaeta Nabi Muhammad SAW. Ka kulawargina, ka para sahabatna tur para umatna.

Paragraf di luhur magrupa bagian tina ...

- a. Bubuka biantara
 - b. Pangbagea randegan
 - c. Eusi biantara
 - d. Panutup biantara
19. Anu lain acara-acara adat nu aya dikampung urug nyaeta
- a. Upacara seren taun mangrupa upacara dilaksanakeun sanggeus panen unggal taun dina 12 muharram
 - b. Salametan ngabuli (upacara cap wabah) dilumangsungkeun dina bulan muharam dina gedong Hyang Tunggal
 - c. Upacara ruwah anu dilaksanakeun tanggal 12 ruwah, tujuan pikeun “rewah” ka Nabi Adam mieling karuhun Nabi Adam jeung katurunana.
 - d. Salametan muludan dilaksanakeun unggal tanggal 12 Maulud di ruang pancanitili gedong sangHyang tunggal. Ieu salametan boga tujuan pikeun mieling lahirna Nabi Muhammad SAW.
20. Kamar pabeasan jeung tempat neundeun kadaharan nu sejena,biasana di jero imah bagean tukang disebut ...
- a. Dapur
 - b. Enggon
 - c. Garasi
 - d. Goah
21. Ari acara ... mah kudu nanggap wayang sapeuting jeput. Kecap nu merenah pikeun ngeusian eta kalimah nyaeta...
- a. Ngaruat
 - b. Ngadalang
 - c. Tirakat
 - d. Golek
22. Runtuyan carita anu dibentuk ku tahapan-tahapan kajadian nu aya nepi ka ngabentuk hiji carita disebut ...
- a. Jejer
 - b. Galur
 - c. Latar
 - d. Tokoh
23. Sagala keterangan atawa petunjuk nu aya kaitana jeung waktu,ruang,suasana jeung situasi kajadian hiji peristiwa dina hiji carita disebut ...
- a. Amanat
 - b. Galur
 - c. Latar
 - d. Tokoh
24. Deskripsi,dadaran atawa candraan nyaeta wacana nu eusina ngadadarkeun atawa ngebrehkeun kagiatan indra (panempo,panguping,pangrasa,panyabak,jeung pangambeu) Minangka hasil pangalamanana. Nu kaasup kana conto paragraph Deskripsi nyaeta ...?
- a. Tomat sareng cabe hejo siksikan,lajeung rendos sareng sadaya bahan, tapi tomat sareng surawungna ulah lembut teuing. Tos kitu mah kantung diidangkeun
 - b. Balai pengelolaan museum negeri sri baduga,jalan BKR No.185, Telp.(022) 5210976 fax. (022)5223214) bandung 40243
 - c. Keur oleh-oleh ka ciamis, kuring sok balanja ka jongko eta. Lian ti barangna kasohor oge,hargana murah.
 - d. Brang geus deket ka pangkalan ojeg,katingali aya ibu-ibu keur pepete,sangkan the keur ngobrol biasa we jeung tukang ojeg.
25. Perhatikeun conto dihandap!

Di daerah kuningan jawa barat, seren taun dimimitian ku upacara ngajayak (mapag pare), dina tanggal 18 rayagung anu dituluykeun ku upacara nutu pare nepi ka acara pamungkas dina acarana dina tanggal 22 rayagung. Dina upacara seren taun anu jadi objek utama nyaeta pare,pare dianggap minangka lambang kamakmuran alatan wewengkon cigugur hususna sarta wewengkon sunda.

- Dina wacana seren taun dikuningan, tanggal sabaraha upacara nutu pare nepi ka acara pamungkas dina seren taun ...
- 20 Rayagung
 - 21 Rayagung
 - 22 Rayagung
 - 23 Rayagung
26. Dina wacana seren taun di kuningan, anu lain tujuan seren taun nyaeta ...?
- Nganjeun jeung ngalengitkeun tradisi sunda
 - Sukuran kanu kawasa dumasar hasil tatanen taun ayeuna
 - Silaturahmi masarakat jeung masarakat sejen
 - Neruskeun tradisi karuhun anu geuh hirup mangabad-abad
27. Gaya soteh si kardun mah Kabeh oge beunang nginjeun anu dipakenateh ti lanceukna, Paribasa nu cocok pikeun ngeusian eta kalimah nyaeta ...
- Adu telu ampar tiga
 - Adean ku kuda beureum
 - Adat kakurung ku iga
 - Adam lali tapel
28. Si asepe mah budakna ... matak guru disakolana mikanyaah ka manehna. babasan nu cocok pikeun ngeusian eta kalimah nyaeta ?
- Amis daging
 - Amis tiwu
 - Amis budi
 - Amis diri
29. Galur caritana ngagambarkeun katunggaraan, kesedihan, kaprihatinan palaku, disebut drama ...
- Tragedi
 - Komedi
 - Tragedi komedi
 - Sinetron
30. Gambaran ti pangarang naskah ngeunaan kaayaan atawa paripolah palaku tujuan na sangkan maca atawa nu erek merankeun eta drama disebutna
- Monolog
 - Prolog
 - Dialog
 - Epilog

II. MENJODOHKAN


Perhatikeun soal dihandap pikeun pasangkeun pertanyaan jeng jawaban nu bener!

No.	Pertanyaan menjodohkan	Pilih jawaban	Jawaban
31.	Salah sahiji Upacara adat nu digelar ku masyarakat mangrupikeun tradisi budaya sunda pikeun ngalestarikeun kebudayaan na	a. Babasan	
32.	Rakitan basa (kalimah) nu dipake sangkan nimbulkeun pangaruh (efek) anu leleb karasana ku nu maca estu matak jadi mamani basa.	b. Paribasa	

33.	"Ngupat ngawada,naek ka luhur,turun ka handap,teulem kajero,ningali ku panon,denge ku ceuli." Jsb	c. Seren taun	
34.	Pakeman basa anu ungkaran na parondok,umumna ngan diwangun ku dua kecap sarta ngandung harti siloka (kiasan)	d. Kadalon/pleon asme	
35.	"Adat ka kurung ku iga",jeung "agul ku payung butut" conto dina pakeman basa ?	e. Gaya basa	

III. URAIAN

Baca teks ieu di handap kalawan taliti,pikeun migawe soal nomer 36



36. Ditingali dina eusina pupujian diluhur teh kagolong kana conto pupujian ...?

Baca conto teks drama dihandap pikeun migawe soal nomer 37 & 38 !

Kabiasaan Bolos sakola

"Dina hiji-hiji poe aya tilu murid, maraneh na teh sakola babarengan,tur sakelas. Katelah maranehna teh murid pang badungna dikelas. Dina hiji mangsa, maranehna keur di ajar di jero kelas. Tapi guruna teu asup da aya keperluan jadi dibere tugas."

Asep : Wan,yad bosen yeh dikelas, mumpung eweh guruna urang bolos weh yu!

Iwan : jeeeee ... urang mah hayuh wae, tanya weh tuh kasi yadi! Daekeun teu?

Yadi : idih piraku urang saminggu rek bolos bae!

Iwan : hayu yad, kagok lah sapoe dei, isukan pere iyeuh

Asep : tah heueuh, isukan pere iyeuh!

Yadi : hayulah hayuu !

Tuluy maranehna siap-siap rek mangkat bolos tapi ditegor ku Ketua kelas!

37. Latar drama "Kabiasaan Bolos Sakola" nyaeta ?

38. "Dina hiji-hiji poe aya tilu murid, maraneh na teh sakola babarengan,tur sakelas. Katelah maranehna teh murid pang badungna dikelas. Dina hiji mangsa, maranehna keur di ajar di jero kelas. Tapi guruna teu asup da aya keperluan jadi dibere tugas."

Perhatikeun kutipan drama diluhur, gambaran ti pengarang naskah ngeunaan kaayaan carita paripolah palaku disebut ..?

Terjemahkan harti babasan dihandap pikeun migawe soal nomer 39 & 40!

Babasan	Hartina
39. Gede Hulu	
40.	Pedit,koret,hese mere ka batur

*** Wilajeung ***